yaratuvchi ichki ruhiy omil bo‘lib xizmat qiladi. Inson tarbiya ko‘rib, muayyan odob va axloq meyorlarini, ilmlarni egallaydi, mehnat qilib tajriba orttiradi, kasb-hunar sohibi bo‘ladi, malaka orttiradi, o‘z qobiliyati va istedodini biror yoki bir necha sohada to‘la namoyon etish imkoniga ega bo‘ladi.

Axloq - barcha odamlar uchun birdek taalluqli hisoblangan, ijtimoiy talablar ham da ehtiyojlarning munosabatlar shaklidagi ko‘rinishidan iborat bo‘lgan, insonga berilgan ixtiyor erkinligining xatti-harakatlar jarayonida ichki iroda kuchi tomonidan oqilona cheklanishini taqozo etuvchi ma’naviy hodisa. Axloq ijtimoiy tartib-qoida bo‘lib, bu tartib-qoida ijtimoiy hayotning istisnosiz hamma sohalarida kishilarning xatti-harakatini tartibga solish funksiyasini bajaradi. Har qanday axloqiy ta’limotlar jamiyat taraqqiyotining muayyan bosqichida obyektiv, subyektiv ehtiyojlar va zaruriyatlar asosida kelib chiqqan.

**Xulosa va tavsiyalar.** Xulosa o‘rnida aytishimiz mumkinki, axloq insoniyat jamiyati taraqqiyoti, barqarorligi va ma’naviy yuksalishining ajralmas tarkibiy qismidir. Inson kamoloti, shaxsiy yuksalish, kasbiy muvaffaqiyat hamda jamiyatdagi uyg‘un munosabatlar aynan axloqiy tamoyillarga asoslanadi. Axloq nafaqat har bir shaxsning ichki dunyosini, balki butun bir xalqning madaniy darajasini, ma’naviy yuksakligini va istiqbolini belgilovchi mezondir. Axloqiy qadriyatlar singib borgan jamiyatda ijtimoiy adolat, totuvlik va taraqqiyot bo‘ladi. Aksincha, axloqsizlik jamiyatda beqarorlik, ishonchsizlik va tanazzulga sabab bo‘lishi mumkin.

Shunday ekan, bugungi taraqqiyot va ma’naviy yuksalish jarayonida axloqiy tarbiya va qadriyatlarga asoslangan yondashuv harqachongidan ham dolzarbdir. Ayniqsa, yosh avlodni sharqona odob-axloq asosida tarbiyalash, ularni jamiyat oldidagi burch va mas’uliyatni his qilishga o‘rgatish milliy taraqqiyotning mustahkam poydevorini yaratadi. Axloq har qanday ijtimoiy sohada samarali faoliyat yuritishning, ijtimoiy munosabatlarni barqaror yuritishning, insoniy munosabatlarning eng muhim mezoni bo‘lib qolaveradi. Shu boisdan, axloq va ma’naviyatni uyg‘un holda rivojlantirish – jamiyat ravnaqi va inson kamolotining asosiy kafolatlaridan biridir.

**Adabiyotlar**

1. Muhammadjonova L. Amaliy etika va estetika. O‘quv qo‘llanma. – Tashkent: 2020. 256-b.
2. Qodirov D.H. Ijtimoiy ishning etik prinsiplari va qadriyatlari. O‘quv qo‘llanma. – Tashkent: «Lesson Press», 2023.
3. Sher Abdulla. Axloqshunoslik: Oliy ta’lim muassasalarining bakalavriat ta’lim yo‘nalishlari uchun darslik. Masul muharrir B.E.Husanov; O‘zbekiston Respublikasi Oliy va o‘rta maxsus ta’lim vazirligi. – Tashkent: «O‘zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti», 2010.
4. Маънавият: асосий тушунчалар изоҳли луғати. ЎзР Президенти ҳузуридаги Давлат ва жамият қурилиши академияси, Ўзбекистон файласуфлари миллий жамияти; таҳрир ҳайъати: Х.Султонов ва бошқ.; тузувчи ва масъул муҳаррир Қ.Назаров. – Tashkent: «Гафур Гулом», 2010.
5. Avloniy Abdulla. Turkiy guliston yoxud axloq: Ibratli hikoyalar. O‘zbekiston milliy ensiklopediyasi. –Toshkent: 2004. 96-b.
6. Ismatullayeva N . Konfutsiy hayoti va Lun Yuy asari. – Tashkent: TDSHI nashriyoti, 2013. 7-б.
7. Konfutsiy. Suhbat va mulohazalar. – Tashkent: «Yangi asr avlodi», 2014, 8-б.

**REZYUME.** Maqolada odob-axloqning inson hayoti va yoshlar tarbiyasidagi o‘rni va ahamiyati, ko‘rib chiqiladi. Odob-axloq insonning jamiyat bilan munosabatlari asosini tashkil qiladi. Yoshlarni tarbiyalashda sharqona va milliy odob-axloq me’yorlariga asoslangan faoliyat bilan birga jamiyatga hurmat, insonparvarlik munosabati kabi fazilatlarni shakllantirish zarurligi ta’kidlanadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль и значение этики в жизни человека и воспитании молодежи. Нравственность составляет основу взаимоотношений человека с обществом. В воспитании молодежи говорится о необходимости формирования таких качеств, как уважение к обществу и гуманное отношение к людям, а также деятельности, основанной на восточных и национальных нравственных нормах.

**SUMMARY.** The article examines the role and importance of ethics in human life and the education of youth. Morality is the basis of human relations with society. In the education of youth, it is said about the need to develop such qualities as respect for society and humane attitude towards people, as well as activities based on Eastern and national moral standards.

## ИЛИМ ТАРИЙХЫНДА ИЛИМЛЕРДИ КЛАССИФИКАЦИЯЛАЎ МАШҚАЛАСЫ

**З.Б.Есназарова –** *тарийх илимлеринин кандидаты, доцент*
**У.Е.Хужаниязов** – *тарийх илимлери бойынша философия докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** фан, фалсафа, дифференсиаллашиш, классификация, рационалистлик, эволюция, парадигма.
**Ключевые слова:** наука, философия, дифференцироваться, классификация, рационализм, эволюция, парадигма.
**Key words:** science, philosophy, differentiation, classification, rationalism, evolution, paradigm.

**Кирисиў.** Ең әййемги заманлардан баслап, инсанның билиў искерлиги шеңбериндеги әҳмийетли машқалалардан бири бул – дүньяны өзлестириў ҳәм дүнья ҳаққындағы билимлерди тәртипке салыў зәрүрлиги болған.

**Методология.** Илимий ҳәм илимий-техникалық жумысты шөлкемлестириўде классификация сыяқлы метод үлкен әҳмийетке ийе болып, онда логикаға тийкарланған байланыслар ҳәм типологиялық белгилерди, түсиниклерди орнатыў арқалы бир-бирине бойсыныў ҳәм өз ара тәсир етиўдиң белгили принциплери тийкарында түсиниклер топары ямаса структурасы жаратылады.

**Нәтийжелер.** Илимди классификациялаў машқаласы көп тәреплеме илим түсинигиниң өзиниң тарийхы менен байланыслы болып илимде үстемлик

етиўши концепция ҳәм көзқараслардың өзгериўшеңлиги ҳәм улыўма инсанияттың раўажланыўына, атап айтқанда, мәмлекетлердиң сиясий коньюнктурасына байланыслылығы менен характерленеди.

**Талқылаў.** Философия, илим ҳәм мәдeният тарийхы бойынша илимпаз П.П.Гайденконың "Илим түсиниги эволюциясы" мийнетинде илимий билим раўажланыўы, илим түсинигиниң өзгериў процесслери, оның предметлери, изертлеў усыллары ҳәм илимий билим идеаллары ҳаққындағы түсиниклер анализ етилген [1]. Илимниң кең тарқалған классификацияларынан бири – түрли тарийхый дәўирлерде илимий билим, илим ҳәм илимий мәдениаттың эволюциясын көрип қарап шығыў. Әййемги шығыс дәўириндеги рационал билим системалары, антикалық илим, орта әсир илимлери, жаңа дәўир илимлери ҳәм ең жаңа дәўир илимлерин алып қараўға болады. Бул классификация тарийхый билиўдиң улыўма мақсетлерине жуўап береди [2]. Философия ҳәм илим арасындағы қатнаслар тарийхы тийкарында жеке илимлер оның раўажланыўының үш тийкарғы басқышын ажыратады. Буларды төмендегише алып қараўға баолады:

Биринши басқыш – әййемги ҳәм орта әсирлерден бөлекленбеген илим;

Екинши басқыш – XV-XVIII әсирлерде илимниң дифференцияласыўы, сондай-ақ билимлердиң өз алдына тараўларға аналитикалық қатламластырылыўы, атап айтқанда математика, астрономия, физика, химия, физиология, социаллық илимлер;

Үшинши басқыш XIX-XX әсирлерде илимниң интеграцияласыўы. Билимлердиң бирден-бир системаға бирлесиўи, жаңа билимлердиң пайда болыўы бағдарлары алып қаралады [3].

Тарийхта жазылған биринши систeмаластырыў адамзат билимлериниң классификациясы әййемги грек философы Аристотелге эрамызға шекемги 384-322-жылларға тийисли. Аристотел билимди үш топарға бөледи: 1) теориялық билиў мақсетинде билиў (физика ҳәм философия) 2) әмелий адам минез-қулқы ушын жетекши идеялар; (этика ҳәм сиясат) 3) поэтикалық (гөззаллыққа ерисиў ушин билим), эстетика.

Предметликке муўапық теориялық билим Аристотел үш бөлимге бөледи:

1. Дәслепки философия, кейин ала метафизика, пикирлеў арқалы түсинилетуғын, сезиў органлары ушын анықланбайтуғын барлық затлардың биринши себеплерин түсиндирип беретуғын;

2. Математика;

3. Тәбияттағы денелердиң ҳәр қыйлы жағдайларын үйрениўши физика [2:53].

Орта әсирлерде арисстотелшилик қатнасы шеңберинде испан философы Домник Гундассалин XII әсирде томендегише усыныс етти: Барлық системалы түрде баян етиў ҳәм сыпатлаў белгили тәртипте ҳәм схемада тәбийий илим, математика телогия,граматика поэтика, риторика, логика, медицина, арифметика, музыка, геометрия, оптика, астрология, астрономия, механика, көркем өнер сыяқлы илимлерди алып қараўға болады [1:436-438].

Орайлық Азия ойшыллары Абу Райхан Беруний, Ибн Сино, ал-Хорезмий басқа да ойшыллар илимлер классифкациясы машқаласына тереңнен итибар берген.

Тийкарынан, Абу Абдуллоҳ ал-Хорезмий (X әсирде жасаған) энциклопедиялық илимпаз сыпатында илимди систeмаластырыў ҳәм өз дәўириниң жоқары дәрежеге ерискен илимлериниң классификациясы дифференциялаў дәрежелерине итибары күшли болған. "Мафатих ал-улум" китабына кирисиўде автор жазады; "мен оны дүздим, еки шәрият илимлерине бағышланған бөлимлер ҳәм олар менен байланыслы араб илимлерине. Екинши бир бөлими араб емес илимлерге, яғный грек илимлерине бағышланған ҳәм басқа халықлардың илимлери" деп айтады [4].

Әлбетте, Хорезмийдиң илимлер классификациясында бул машқала бойынша алдынғы жумыслар есапқа алынды, олар ҳаққында "Шәрият" илимлери өз ишине мусылман ҳуқықы, калом, араб тили грамматикасы, ис жүргизиў, поэзия теориясы ҳәм метрика, ҳәм тарийхты алады. Араб емес илимлер философия, логика, медицина, арифметика, геометрия, астрономия, музыка, механика ҳәм химия сыяқлы бир қатар илимлерди өз ишине алады. Абу Абдуллоҳ ал-Хорезмий теологиялық ҳәм дүньялық илимлер арасында суў ажыратыўды өткериўге ҳәрекет етеди ҳәм қаралатуғын машқалаға тәбийий шешим береди [5].

Жаңа дәўирде анличан философы Ф.Бэкон 1561-1626-жылларда жасаған. Оның илимлер классификациясына, адамдда яд, ақыл сыяқлы билиў қәбилетлерин киргизди. Ф.Бэкон үш илим топарын ажыратып көрсетти, 1) тарийх фактлердиң соның ишинде, тәбийий ҳәм пуқаралық тарийх сыпатында, 2) теориялық илимлер ямаса кең түрдеги философия, тәбийий, теология, антрополоия, тәбият философиясы, 3) поэзия әдебият, көркем өнер.

Тийкарынан пикирлеўди үйрениўши илимлер, логика, диалектика, билиў теориясы ҳәм риторика алып қаралады. Булар Бэконның пикиринше барлық басқа илимлердиң гилти есаплады [2:54] .

Илимниң классификациясын диалектикалық-идеалистик тийкарда немец философы Георг Гегел (1770-1831) берген. Билим формалары иерархиясы принципине тийкарланып, ол «дүньялық руўх" раўажланыўының тийкарғы басқышларына сәйкес келетуғын үш ири билим бөлимин ажыратып көрди: 1) барлық, мазмун ҳәм түсиник ҳаққындағы тәлийматларды өз ишине алыўшы логика; 2) механизмге қарсы бағдарланған ҳәм тәбият тараўларының төменнен жоқарыға қарай қатаң ийерархиясына тийкарланған тәбият философиясы; 3) руўхтың философиясы, ол субьектив руўх антропология, феноменология, психология, обьектив руўх ,социаллық тарийх ҳәм абсолют руўх, философия, предметлерди ойлап көриў сыпатында бөлинеди [6].

XIX әсирдиң биринши ярымында француз философы ҳәм социологи О.Конт (1789-1857) билиўдиң Бэкон принципин бийкарлаўда илимлерге классификацияланатуғын илимлердиң өз белгилеринен, олар арасындағы тәбийий байланыслардан пайдаланыў, тийкар етип өз ара иерархиялық байланысқан алты илимди алыў усыныс етилди: математика, астрономия, физика, химия, биология ҳәм социология. Ҳәр бир кейинги илим алдынғысында топланған билимлерге сүйенеди ҳәм оны әтирапымыздағы дүньяны билиўдиң өзине тән басқышы сыпатында көз алдымызға келтириў мүмкин. Илимпаз илимлердиң үш топарын ажыратқан:

1) бир тәрептен сыртқы дүньяға тийисли илимлер, екинши тәрептен адамға тийисли илимлер биологиялық-социологиялық топар; 2) тәбият ҳаққындағы илимлер тәбият философиясы анорганикалық ҳәм органикалық тармақларды ажыратқан ҳалда физикалық-химиялық топар; 3) астрономия, химия ҳәм биологияны өз ишине алған тәбийий философия математик-астрономиялық философия деп қараған [7]. Инглис ойшылы ҳәм экономисти Г.Спенсер (1820-1903), ол О.Конттың қағыйдаларын бийкарлап, барлық илимлер абстракт, математика ҳәм логика, конкрет, астрономия, биология, геология, психология ҳәм социология ҳәм абстракт-конкрет механика, физика ҳәм химия илимлерине бөлинеди, деп тастыйықлайды [8]. Оригинал ҳәм қайта басып шығарылған текстлерге тийкарланып заманагөй илим тарийхын бақлаў XVIII әсирге шекем илимпазлар тәбият таныўшылар өз жумысларын тәбийий философия деп атады.

Тек XVIII әсирден баслап илимий терминологияға илим түсиниги киргизилди. Буны XIX әсирдиң екинши ярымында ҳәм XX әсирдиң басларында илимий түсинигиниң мазмуны өзгергенде жүдә айқын көрсетиў мүмкин. 1863-жылы рус жазыўшысы ҳәм педагогы Ф.Г.Толл сөзлигинде (1823-1867) илим түсинигине берилген анықламада, сол дәўир илимий жәмийетиниң пикиринше, оның ең әҳмийетли еки белгиси көрсетилген. Илим, биринширден, бир қыйлы мағлыўматлардың толық жыйындысы сыпатында көрип шығылыўы ҳәм екиншиден, усы мағлыўматлардан системаны жаратыў, улыўма тийкарға ийе болған логикалық тәртип сыпатында илимий билимди классификациялаў ушын тийкар болыўы мүмкин еди. Илим үйрениў ҳәм билим мәнисинде әпиўайы тилде қолланылады өз мәнисинде толық қатаң логикалық тәртипте жайласқан ҳәм ямаса улыўма тийкардан келтитрилген системалар алып қаралады [9]. Илим - инсан билиминиң белгили тараўына тийисли, қатаң логикалық тәртипте жайласқан ҳәм сын көзқарастан бир системаға келтирилген мағлыўматлар жыйындысы. Барлық илимлер еки топарға бөлинеди, эмпирик ямаса тәжирийбе ҳәм философиялық ямаса ақылый билим.

XIX әсир ақырында акционерлик баспа жәмийети тәрепинен Ф.А.Брокгауз [10], И.А.Ефрон энциклопедиялық мийнетинде биринширден, барлық пүткиллей ҳақыйқый ҳәм техникалық мағлыўматлар ҳәм көрсетпелерди илим деп есапламаў усыныс етилди, себеби статистика ендиғана өзиниң предметине ийелеген еди ҳәм барлық пүткиллей ақылға байланыслы қурылыслар, яғный философия қатаң илимийлик деп есапланбады. Илимлерди классификациялаў принциплери төмендегилерден ибарат болған, объективлик исенимлилиги, системалығы ҳәм нызамлығы алып қаралады [10]. Философия менен илим арасындағы айырмашылық көплеген заманагөй энциклопедиялар ҳәм сөзликлерде сәўлелендирилген [11].

1909-жылда А.Гранат баспаханасының энциклопедиялық сөзлигинде илим тәбийий жақтан ҳәм рационалистлик қатнас шеңберинде сыпатланады. Тийкарынан илим – шынлық ҳаққындағы, не бар екенлиги, қай жерден келип шыққаны ҳаққындағы унамлы билимлердиң жуўмағы [12]. Белгили болғанынындай, илимниң парадималық концепциясы авторы Т.Кун еди. Т.Кун бул концепциясында әсиресе, классикалық тәбияттаныўдың, соның ишинде, классикалық физика ҳәм астрономияның тийкарғы өзгешеликлерин белгилеп берди. Қысқаша айтқанда, Кунның көз қарасының мәниси төмендегиден ибарат еди. Қандай да бир илимпаз бирнеше фундаментал принциплерди, теориялық модельди ислеп шығады ҳәм раўажландырады, барлық кейинги изертлеўлер ушын үлги болатуғын фундаментал илимий фактти ашады, жаңа фактлерди ең болмаса шама менен болжаўға мүмкиншилик береди ҳәм жаңадан жаратылатуғын теорияларды түсиндирип береди.

Бирақ, ўақты-ўақты алдын ала айтып болмайтуғын жаңа фактлер пайда болыўында үстемлик етиўши парадигма шеңберинде түсиндириледи. Пайда болған жағдай илимий пәнниң тийкарғы қағыйдаларын қайта көрип шығыўды талап етеди. Тап сондай бул жағдайды Т.Кун жуўмақланыўшы илимий революция деп атаған зәрүр түсиниклер бериўге уқыплы болған жаңа парадигманы жаратыў илимниң раўажланыўының жаңа нормаль басқышы ушын тийкар болып хызмет етеди [13]. С.Тулманның пикиринше усы парадигманың бир қанша уқсаслығын пайда етеди. Судьялар коллегиясы, жаңадан ашылатуғын фактлерге, жаңадан жаратылатуғын теориялар ҳәм түсиндириў модельлерине қолланылатуғын илимийлик дәрежесин ямаса оның нормаларын белгилейтуғын айрықша илимий элитаны жүзеге келтириди. Т.Кун ҳәм С.Тулман концепцияларының өз абзаллықлары да, шеклениўлери де бар еди. Илимий билим, илим ҳәм илимий мәдeният социаллық турмыстың қубылыслары қурамалы ҳәм ҳәр тәреплеме эволюциялық процесслерди басып өтти. Инсан искерлиги, оның тәжирийбеси, қоршаған дүньяны өзлестириў ҳәм тәртипке салыў мақсетлери ҳәм илимий тараўдағы дөретиўшилиги илимниң раўажланыўына тийкар болады. XX әсир ҳәм XXI әсир басларында инсанияттың тарийхый-илимий ҳәм техникалық-технологиялық раўажланыўы жәмийеттиң илимге ҳәм бәринен бурын, илимниң дүзилиси ҳәм илимлерди классификациялаў машқалаларына қызығыўшылығын пайда етти. Илимий билимниң айырым тараўларын классификациялаўшы тийкарғы белгиси етип, олардың инсан искерлиги тараўларына тийислилигин көрип шығыў усыныс етиледи, жаңа обьектив билимлерди алыў ҳәм олардың жыйындысы менен дүньяның илимий картинасын қәлиплестирип барады [14]. Сондай-ақ, илим - инсан искерлиги тараўы болып, оның ўазыйпасы шынлық ҳаққындағы обьектив билимлерди ислеп шығыў ҳәм теориялық системаластырыўдан ибарат.

Тарийхий раўажланыў даўамында жәмийеттиң өндирислик күшине ҳәм ең әҳмийетли социаллық институтқа айланады. Илим түсиниги жаңа билим алыў искерлигин де, бул искерликтиң нәтийжеси усы ўақытқа шекем алынған илимий билимлердиң жыйындысын да өз ишине алады, олар биргеликте илимий көринисти пайда етеди. Илим термини илимий билимниң айрықша тараўларын билдириў ушын да қолланылады. Илимниң тиккелей мақсетлери ол ашып беретуғын нызамлар тийкарында оны үйрениў предметин қурайтуғын барлық процесс ҳәм

ҳәдийселерди тәрийиплеў, түсиндириў ҳәм болжаў, яғный кең түрде - барлық нәрселерди теориялық жақтан сәўлелендириў болып табылады.

Илимлер классификациясын ҳәзирги ўақытта мәмлекетимизде философия докторы (PhD) ҳәм илим докторы (DSc) дәрежеси берилетуғын 23 бағдар дизимине қарай баҳалаў мүмкин; Физика-математика, химия, геология-минералогия, техника, аўыл хожалығы, тарийх, экономика, философия, филология, география, юридикалық, педагогика, медицина, фрамацевтика, ветеринария, көркем өнер, архитектура, психология, әскерий, социология, сиясий исламтаныў илимлери [15].

**Жуўмақ.** Анық илимий билимлер ҳәм улыўма илимниң тарийхый раўажланыўы олардың классификациясы ҳаққындағы қыяллардың турақлы өзгериўине алып келеди. Илимий жумыстың раўажланыўы нәтийжесинде илимлердиң өз ара байланыслылығы ҳәм өз ара тәсири түрли принциплер (объектив, субъектив, муўапықластырыў, субординатция ҳәм басқалар), тийкарында ашылып атыр. Илимди классификациялаў принциплерин түсиниў ушын оны сүўретлеў усыллары (схемалар, кестелер, графиклар ҳәм басқалар ) зәрүрли әҳмийетке ийе. Илимди классификациялаў тек ғана саналы искерликти қурайтуғын фактор, бәлки барлық илимлерди саналы түрде объектлерди системаластырыў дәрежесин белгилейтуғын фактор болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Гайденко П.П. Эволюция понятия науки (становление и развитие первых научных программ). –Москва: «Наука»,1980. 504-б .
2. Кохановский В.П. Основы философии науки: учебное пособие для аспирантов 4- баслым. -Ростов н/Д: «Феникс», 2003. 603-б.
3. Сафронов А.А. Селиванов Н.П. История науки и техники Спецкурсы по истории в техническом вузе: Учебно-методическое пособие для преподавателей. Екатеринбург: Уральский политехнический институт им. С.М.Кирова, 1992. –С.4.
4. Абу Абдуллох Хоразмий. Мафатих ал-улум. Литературуный журнал, 1984 № 3. –С.5.
5. Хайруллаев М.М., Бахадиров Р.Ж. Абу Абдаллах Ал-Хорезмий. –Москва: “Наука”. 1988. –С.58.
6. Кедров Б.М. Классификация наук. Кн. 1. –Москва: «Мысль», 1961. –С. 122.
7. Конт О. Дух позитивной философии. СПб, -Питер: 1994. –С. 72.
8. Спенсер Г. Опыты научные, политические и философские. –Москва: Современный литератор, 1998.
9. Толл Ф.Г. редакциясы тийкарында дүзилген сөзлик. В 3 том. СПб., 1863-1866. 180-б.
10. Энциклопедический словарь Брокгауза и Ефрона. СПб., 1897. –С.150.
11. Ойзерман Т.Н. Проблемы историко-философской науки. Изд. 2-е, -Москва: 1982. –С. 56.
12. https://alcdata.narod.ru/encyclopedia/Granat_1909/. Энциклопедический словарь. Гранат. –Москва: 1909. Андрианова Т.В., Ракитов А.И. Философия науки и методология историко-научных исследований С.Тулмина. Вопросы истории естествознания и техники. 1984. № 3. –С. 48-62.
13. Философский энциклопедический словарь. Редкол: С.С.Аверинцев, Э.А.Араб-Оглы, Л.Ф.Ильичев и др. 2-е изд. -М.: Советская энциклопедия, 1989.
14. Ўзбекистон Республикаси Олий таълим, фан ва инновациялар вазирлиги ҳузуридани олий аттестация комиссияси. Бюллетень. 2024 № 1. 2-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада, фанни таснифлаш муаммосига эътибор берилган. Бунда асосан классик фалсафада Аристотелдан ҳозирги кунгача юзага келган илмий билимларнинг классификацияси кўриб чиқилган. Фанларни иерархик ва тарихий асосларига кўра таснифлаш, ижтимоий-гуманитар фанларнинг илмий билимлар тизимидаги ўрни масалалари ёртиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**. В статье уделено внимание проблеме классификации науки. При этом в основном рассматривается классификация научных знаний, возникших в классической философии от Аристотеля до наших дней. Освещены вопросы классификации наук по иерархическим и историческим основам, роли социально-гуманитарных наук в системе научных знаний.

**SUMMARY.** The article focuses on the problem of classifying science. At the same time, the classification of scientific knowledge that arose in classical philosophy from Aristotle to our day is mainly considered. The issues of classification of sciences by hierarchical and historical foundations, the role of social and human sciences in the system of scientific knowledge are illuminated.


## 1941-1945-JÍLLARDA QARAQALPAQSTANDA KITAPXANALAR ISINIŃ JAǴDAYÍ


**R.S.Reymbaev –** *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** tashviqot va targ‘ibot ishlari, madaniy-ma’rifiy muassasalar, kutubxonachilik, kitob fondi.

**Ключевые слова:** агитационно-пропагандистская работа, культурно-просветительные учреждения, библиотечное дело, книжный фонд.

**Key words:** agitation and propaganda work, cultural and educational institutions, librarianship, book fund.


**Kirisiw.** 1941-1945-jılları Qaraqalpaqstan kitapxanashılıǵı óz jumısında qıyın dáwirdi basınan keshirdi. Ulıwma alǵanda, barlıq mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısı áskeriy reallıqtıń ajıralmas bólegi edi. Bul tarawdaǵı miynetkeshlerdiń aldına jámiyettiń ruwxıy mobilizaciyasın tezirek támiyinlew, sol arqalı olardı úgit-násiyatlaw mashinasınıń bir bólegine aylandırıw wazıypası qoyılǵan edi.

**Ádebiyatlar analizi.** Ekinshi jáhán urısı jıllarındaǵı Qaraqalpaqstan kitapxanashılıǵı, mádeniy-aǵartıwshılıq mákemeleriniń jumısı, social-ekonomikalıq, siyasiy, áskeriy hám mádeniy qayta qurıw menen baylanıslı bolǵan tariyxıy derekler haqqında S.Abramov, E.Karpova, R.Nazarov, V.Alieva, B.Ibragimova, R.Idrisov, G.Allamuratovtıń hám h.t.b. alımlardıń ilimiy miynetlerinde qunlı maǵlıwmatlar berilgen.